

Eskè yon Ka nan Tribunal Kriminèl ap Afekte Estati Imigrasyon Mwen An?

Pwoblèm pou Konsidere pou Kliyan Imigran nan Tribunal Kriminèl

Yon ka kriminèl ka gen yon enpak negatif sou estati imigrasyon ou. Si w genyen kèk kalite estati imigrasyon legal, tankou yon kat vèt oswa DACA, sa ka fè w pèdi estati w oswa fè w fè fas ak depòtasyon. Si ou pa gen papye, yon ka kriminèl ka gen enpak sou kapasite w pou jwenn sèten fòm estati legal, kounye a oswa nan lavni. Li ka fè Ajans Imigrasyon ak Ladwàn ("ICE") pou vin konnen ke ou nan peyi Etazini e ke lapolis te arete w.

Li enpòtan pou ou pale ak avoka defans kriminèl ou e di yo ke ou pa yon sitwayen ameriken. Si ou gen yon avoka imigrasyon, ou ta dwe di yo ou gen yon ka kriminèl annatant.

Li Plis Pou Aprann Kijan Pou Pran Desizyon Imigrasyon Pandan e Apre yon Ka nan Tribunal Kriminèl

DWA POU KONSEY IMIGRASYON

- Avoka defans kriminèl ou a gen yon obligasyon Konstitisyonèl pou l ba w konsèy imigrasyon sou dosye kriminèl ou a ak nenpòt konsekans imigrasyon posib li ta ka kòz.
- Si avoka ou a pa gen konesans oswa ekspètiz nan imigrasyon, avoka a oblige konsilte yon ekspè imigrasyon pi vit posib pou li ka akonpli obligasyon sa a. Tout avoka defans nonmen publik nan Nouyòk kapab jwenn yon konsiltasyon gratis nan men yon ekspè imigrasyon.

Tout avoka yo nonmen atravè panèl 18-b nan vil Nouyòk kapab kontakte Pwojè Defans Imigran an: <https://www.immigrantdefenseproject.org/what-we-do/padilla-support-center/>.

- Se pa tout ka kriminèl ki pral gen konsekans imigrasyon, byenke anpil pral genyen. Avoka ou a ta dwe eseye negosye yon aranjman ki pa pral andomaje sitiyasyon imigrasyon ou.
- Si ou pa byen konprann kijan yon dosye kriminèl pral afekte estati w, ou gen dwa mande avoka kriminèl ou pou eksplike klèman sa sa vle di pou sitiyasyon imigrasyon w. Ou gen dwa tou konfime si avoka kriminèl ou a gen konfyans sou konsèy yo te ba ou a e si yo te konsilte ak yon ekspè imigrasyon.

- Si ou nan gad kriminèl kounye a, avoka kriminèl ou a ka di ou si gen yon manda ICE depoze kont ou. Yon fòm manda mande ajans ki fè arrestasyon an pou l kenbe w nan gad kriminèl pou 48 èdtan epi pou l avèti ICE anvan yo lage w. ICE ka deside si yo ta dwe transfere w nan gad federal olye ke yo lage w. Aprann plis sou manda [isit la](#).

ASIRE W BYEN KE LAPOLIS PATAJE ANPRINTE AK AJANS IMIGRASYON AK LADWÀN (“ICE”)

- Anprend dwèt rive lè swa nan biwo vòt la oswa lè yo mete w nan yon prizon lokal. Lè lapolis itilize anprend dwèt ou pou chèche istwa kriminèl ou, ICE resevwa yon notifikasyon ke yo te arete w. ICE aprann enfòmasyon biyografik ou tou e adrès ou. ICE resevwa enfòmasyon sa yo, menm si yo te arete w nan yon “vil sanctuaire.”
- ICE idantifye imigran ki nan prison ameriken ke yo ka depòte dapre lwa imigrasyon. ICE ka fè rechèch nan bas done gouvènman an pou istwa kriminèl ak istwa imigrasyon ou. Si yo jwenn yon potansyèl vyolasyon imigrasyon, ICE ka kòmanse siveye dosye kriminèl ou a.
- Nan tan lontan, ICE te arete moun lakay yo oswa nan kominate a pandan dosye kriminèl yo ouve oswa apre dosye kriminèl la fini. Sa te rive menm si moun nan pa te pase tan nan prizon.
- Nan Eta Nouyòk li kont lalwa pou ajan ICE arete moun sou wout pou ale, nan, oswa kite yon tribinal, sof si ICE gen yon manda jidisyè. Lwa sa a pwoteje nenpòt moun ki fè pati yon dosye tribinal, enkli fanmi ak manm nan kay la. Akoz lwa sa a, ajan ICE pa arete moun pou depòtasyon nan tribinal nan Eta Nouyòk.

KONSIDERE EVITE VWAYAJ ALETRANJE

- Tout moun ki retounen Ozetazini apre yo fin vwayaje nan yon lòt peyi dwe fè tès depistaj nan Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (“CBP”). CBP pral pran anprend moun ki pa sitwayen ameriken epi li pral chèche ka kriminèl ki sot pase yo oswa ki ouve nan baz done gouvènman an.
- Ofisyè CBP nan ayewopò an ka poze w kesyon sou yon ansyen pwosè kriminèl ki sot pase oswa ki ouve. CBP ka mande w pou w retounen nan ayewopò an nan yon dat alavni aklòt dokiman sou ka w la pou yon “enspeksyon difere.” Ajans imigrasyon ka itilize nenpòt dokiman oswa repons ou ba yo pandan CBP ap poze kesyon pou yo eseye retire estati imigrasyon aktyèl ou oswa pou anpeche w jwenn yon benefis imigrasyon nan lavni. Sa a se verite a menm si dosye kriminèl ou a minè oswa ou pa te resevwa yon santans prizon.

- Si CBP kwè ke ou pa respekte yon lwa imigrasyon, yo ka kòmanse pwosedi pou retire (depòtasyon) kont ou nan tribunal imigrasyon. Yo ka kenbe w nan ayewopò a epi transfere w nan detansyon imigrasyon pandan pwosesis sa a.
- Li enpòtan pou w pale ak avoka defans kriminèl ou oswa yon avoka imigrasyon *anvan* ou vwayaje andeyò Etazini. Yon avoka imigrasyon ka ede w konprann risk pèsònèl ou yo.

TANN ANVAN OU SOUMET APLIKASYON BAY AJANS IMIGRASYON, SI SA POSIB

- Ajans imigrasyon ap konnen si lapolis arete w epi yo ka mande w enfòmasyon sou yon ka kriminèl lè y ap deside yon aplikasyon pou yon benefis imigrasyon. Sa gen ladann aplikasyon pou jwenn yon kat vèt (rezidans pèmanan legal), pou renouble yon kat vèt, oswa pou sitwayènte ameriken (naturalizasyon).
- Si ou déjà ranpli yon aplikasyon imigrasyon, asire w ke avoka imigrasyon ou konnen de ka kriminèl ou ki ouve. Avoka imigrasyon ou a ka ede w deside kijan pou w eksplike ka kriminèl ou a bay ofisyel imigrasyon yo. Avoka defans kriminèl ou a ka enkòpore objektif imigrasyon ou nan estrateji pou ka kriminèl ou a.
- Li enpòtan pou w pale ak yon avoka imigrasyon anvan ou soumèt nenpòt aplikasyon bay yon ajans imigrasyon, menm si dosye kriminèl ou a fini epi avoka w di ou pap gen konsekans imigrasyon kòm rezulta.

PALE AK AVOKA OU DE SITIYASYON IMIGRASYON OU!

Sitiyasyon imigrasyon chak moun inik. Si w gen enkyetid sou nenpòt nan pwoblèm sa yo, li enpòtan pou w pale ak avoka defans kriminèl ou a. Ou dwe konsilte ak yon avoka imigrasyon ou fè konfyans oswa reprezantan akredite pou jwenn konsèy espesifik nan sitiyyasyon imigrasyon ou. Si ou pa gen yon avoka imigrasyon, avoka defans kriminèl ou a ka ede w chèche yon avoka imigrasyon pou ba ou konsèy.